kersa ci ngëm la bokk

Jële na ñu ci Abdullah Ibn Umar -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dégg na benn waay di yedd mbokkam ndax kersa, mu ne ko: "«kersa ci ngëm la bokk».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa dégg benn waay muy dénk mbokkam ci ngir mu bàyyi bari kersa! Mu leeralal ko ne kersa ci ngëm Yàlla la bokk, te yiw rekk lay indi. Kersa jikko la la juy yóbbe ci def lu rafet ak bàyyi lu ñaaw.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5478